

# FEMA Anmezi pou Ede w avèk Depans pou Demenajman ak Estokaj

---

Release Date: Sep 22, 2021

Si kay ou a vin envivab akòz Siklòn Ida epi ou te oblije deplase byen pèsònèl ou nan yon lòt kay oswa yon sant estokaj pou pwoteje li kont plis domaj, FEMA ka bay èd finansye pou ede kouvri depans demenajman ak/oswa estokaj ou yo.

## Preyam etap: Fè yon demann èd

Premyeman, ou dwe fè yon demann èd. Di FEMA ou te oblije deplase byen w soti lakay ou pou pwoteje li kont plis domaj. Èd finansye pou demenajman ak/oswa estokaj ka disponib pou sivivan ki gen kay ki envivab akòz domaj katastwòf la te lakòz. Pa gen okenn maksimòm espesifye pou depans demenajman ak estokaj ki pa Èd finansye pou Lòt Bezwen maksimòm. Sepandan, y ap konsidere sèlman depans demenajman ak/oswa estokaj yon lòt sous pa kouvri tankou asirans.

## Ki sa yo konsidere kòm byen pèsònèl?

Byen pèsònèl yo se atik esansyèl ak/oswa atik ki nan kay la. Men sa yo gen ladan yo aparèy, tankou yon frijidè oswa machin alave ak mèb tankou yon kabann oswa sofa. Sa pa gen ladan atik lwazi, tankou bato oswa ekipman pou lapèch.

## Kijan pou kalifye?

Pou kalifye pou èd sa a, ou dwe satisfè kritè kalifikasyon sa yo:

- Lakay ou te domaje epi li envivab.
- Li se rezidans prensipal ou. Kay lokasyon oswa kay pou pase vakans pa kalifye.
- Yo konsidere byen ou te demenaje ak/oswa ou te estoke yo ak oswa atik nan kay la kòm byen pèsònèl esansyèl.
- Ou ap demenaje ak/oswa estoke atik sa yo pou yon ti tan jiskaske ou repare kay ou a epi retounen ladan, oswa jiskaske ou jwenn yon nouvo kote pou rete epi ou ka deplase afè ou nan nouvo kay ou a.



FEMA

Page 1 of 2

- Ou te demenaje ak/oswa estoke atik ou nan dat oswa apre dat, 26 out 2021.

## Ki sa ki kouvri?

Yo ka bay èd pou demenajman ak estokaj pou depans sa yo:

- Depans pou mendèv pou demenajman komèsyal
- Frè lokasyon kamyon pou demenajman
- Gaz pou machin lokasyon an
- Depans pou tep ak bwat
- Frè inite estokaj komèsyal, ki gen ladan estokaj pèsònèl
- Taks sou lavant ki asosye

## Èske èd pou demenajman ak estokaj disponib pou sivivan ki pa pwopriyetè kay yo?

Wi, toutotan ou satisfè kritè kalifikasyon yo, èd pou demenajman ak estokaj disponib pou lokatè, moun ki rete nan lojman piblik, kay prive ki itilize yon bon pou chwa lojman Seksyon 8 oswa sivivan k ap viv nan etablisman asistans pou viv.

## Fason Pou Aplike

- Mwayen ki pi rapid ak pi fasil pou aplike a se vizite [DisasterAssistance.gov](https://www.DisasterAssistance.gov).
- Si li pa posib pou aplike anliy, rele nan 800-621-3362. Liy telefòn pou rele gratis yo fonksyone 24 sou 24, sèt (7) jou sou sèt (7). Si w ap itilize yon sèvis relè, tankou sèvis relè videyo (Video Relay Service, VRS), sèvis telefòn avèk soutit oswa lòt sèvis, bay FEMA nimewo sèvis sa a.

Pou jwenn dènye enfòmasyon konsènan Siklòn Ida a, ale sou [fema.gov/disaster/4611](https://www.fema.gov/disaster/4611). Swiv nou sou Twitter nan [twitter.com/FEMARegion6](https://twitter.com/FEMARegion6) epi ba nou like sou Facebook [facebook.com/FEMARegion6/](https://www.facebook.com/FEMARegion6/).

